



## **Kondisyon Administrasyon Ekonomi Solidarite Hotspot One (ESHO)**

### **Pou Yon Manb Vini Nan Administrasyon Ekonomi Solidarite Hotspot One (ESHO) :**

- 1) Fòk manb la aksepte itilize kont li pou tranzaksyon **Platfòm Elektwonik** yo avèk **Administrasyon** an.
- 2) Fòk manb **Administrasyon** an fè foto transaksyon an epi voye li nan **Administrasyon** an si se sou **Platfòm Elektwonik** yo.
- 3) Fòk manb **Administrasyon** an fè manb ki ap kotize a oubyen resevwa kapital total kotizasyon li a **Siyen Fòm Elektwonik Administrasyon** an si se “**CASH**”.
- 4) Fòk manb la aksepte pran kotizasyon lòt manb ki rete tou prè li yo “**CASH**” oubyen bay yo “**CASH**” kapital total kotizasyon lòt manb yo si sa nesesè.
- 5) Manb la ap genyen **1% Sou Chak Transaksyon Elektwonik** oubyen “cash” ki fèt pandan semèn nan, epi **Administrasyon** an pap retire pousantaj sou **Kapital Total Kotizasyon** Manb la. Manb la ap jwenn total pousantaj sa a sou kantite manb ki fè transaksyon avèk li pou semèn nan **Chak Madi**.
- 6) Si yon manb ki fè pati **Administrasyon** an pap kapab kontinye fè pati **Administrasyon** an pou yon rezon ou pou yon lòt, manb la dwe fè **Administrasyon** an konnen sa **Yon Mwa (30 jou)** alavans. Si menm manb la vle retounen nan **Administrasyon** an ankò, manb la dwe fè **Administrasyon** an konnen sa **(30 jou)** alavans.
- 7) Règleman Entèn nan valab pou tout manb ki fè pati **Administrasyon** an. Si genyen yon manb ki fè pati **Administrasyon** an epi ki pa respekte **Règleman Entèn** nan “**Administrasyon an**”, **Ekip Administrasyon** an ap retire manb la nenpòt lè li ta ye a.
- 8) Tout diskisyon **Administrasyon** an pata ka jwenn yon solisyon final sou li, lè sa a se **Papa** lide a ki ap genyen dwa pou li pran desizyon final la.
- 9) Manb **Administrasyon** an pa genyen dwa itilize kotizasyon manb **Ekonomi Solidarite Hotspot One (ESHO)** kotize sou kelkeswa fòm li ye a kòm kòb pèsonèl li.
- 10) Manb **Administrasyon an** dwe respekte tout kondisyon sa yo, sinon **Administrasyon** ap pran sanksyon kont manb la.
- 11) Fòk manb la byen li kondisyon yo, byen konprann yo, epi siyen kondisyon **Administrasyon Ekonomi Solidarite Hotspot One (ESHO)**. **Administrasyon** an ap voye kondisyon yo bay chak manb sou **Fòm Lyen Elektronik**.
- 12) **Mwen Menm, Mesye/Madanm** \_\_\_\_\_ **Manb Ekonomi Solidarite Hotspot One (ESHO), Mmwén** siyen paske mwen dakò ak tout kondisyon epi koube mwen anba sanksyon yo chak fwa mwen vyole youn ladan yo.

**Fèt nan dat ki te 01 Janyye 2023**